



Pwoteje Tèt ou ak Pitit  
ou pou Koklich!



**Biwo  
Iminizasyon**

4052 Bald Cypress Way, Bin A11  
Tallahassee, FL 32399-1719  
(850) 245-4342  
Fax (850) 922-4195



**Biwo  
Iminizasyon**

Iminize Laflorid. Pwoteje Lasante.



## Pou Ki Rezon Koklich Serye:

Koklich (yo rele tou tous gwonde) pwopaje fasilman de yon moun a yon lòt. Nenpòt moun ki rantrè an kontak avèk pitit ou — manm fanmi yo, founisè swen yo, ak pwofesè yo — kapab enfekte pitit ou an. Maladi sa danjere anpil pou tibebe yo, ki lakoz kriz tous ak pwoblèm respiratwa. Santyèm de tibebe entènè nan lopital chak ane, ak kèk ladan yo mouri.



## Fason pou Pwoteje Tèt ou ak Fanmi w:

### Pran Boustè Tetanòs (Tdap) ou an

Chak moun nan fanmi w la dwe resevwa iminizasyon kont koklich pou pwoteje tèt yo ak tibebe yo nan kay la. Paran yo dwe mande founisè swen medikal yo an pou nouvo vaksen pou tetanòs, difteri ak koklich la ki pwoteje kont koklich (Tdap) epi ke enkli ladann boustè pou tetanòs, difteri ak koklich la.

### Asire w Pitit ou yo Ajou Avèk Tout Iminizasyon yo

Pwoteksyon koklich pou tibebe kòmanse avèk vaksen de (2) mwa daj yo. Tibebe ak todlè yo bezwen kat vaksen kont koklich, ak yon boustè avan yo komanse4 jadendanfan. Timoun 10 zan daj oswa plis kapab pran nouvo boustè Tdap an. Adilt jiska 64 daj dwe resevwa yon sèl dòz Tdap an pou ranplase iminizasyon boustè tetanòs la.

### Pratike Bon Ijyèn

Koklich Pwopaje avèk Tous. Lè w ap touse, kouvri bouch ou avèk yon papye sèvyèt oswa touse nan koud ou. Lave men ou souvan.

**Pou plis enfòmasyon:**  
vizite [www.ImmunizeFlorida.org](http://www.ImmunizeFlorida.org),  
imèl [immunization@doh.state.fl.us](mailto:immunization@doh.state.fl.us),  
oswa rele 850-245-4342

**Ou Bezwen asirans medikal pou pitit ou an? Aplike sou entènèt la nan [www.floridakidcare.org](http://www.floridakidcare.org) oswa rele 1-888-540-5437 pou yon aplikasyon.**